

# Piki Planin Adomisiil

## (SubQ Depo Provera 104)

---

Piki plani (Depo) a anpeche w ansent pandan 3 mwa. Ou kapab pran piki a lakay ou poukont ou olye w vini nan sant lan.

### Ni Depo Orijinal lan ak SubQ Depo a:

- Ou dwe pran yon piki chak 3 mwa.
- Li kapab chanje fason règ ou vini.
- Li pwoteje kont kansè andomèt ak fibwòm.
- Li pa pwoteje kont enfeksyon moun pran nan sèks yo (sexually transmitted infections, STIs). Kapòt se toujou pi bon chwa pou sa.
- Yo san danje pou anpil moun epi w kapab itilize pandan w ap bay tete epi touswit aprè w fin akouche yon tibebe.

### Men kijan piki SubQ Depo a diferan pa rapò ak Depo Orijinal lan:


- Li itilize yon ti zegwi ki rantre anba pou ou olye w foure li nan misk ou. Sa ta vle di li fè w mal mwens epi w kapab pran li plizyè kote nan kò ou.
- SubQ Depo a tou vini nan yon sereng, ki tou pare pou itilize, epi w kapab fè sa poukont ou lakay ou.
- Yon piki ki gen mwens pwodwi chimik, sa ki kapab diminye efè segondè yo.

### SONJE:

- Itilize kapòt pandan 7 jou aprè w fin pran premye piki a.
- Si w pa pran yon piki oswa ap tann pou plis pase 15 semèn pou w pran lòt piki yo fè yon tèst gwosès. Si tèst lan negatif, pran lòt piki a. Itilize kapòt pou pwochen sèt (7) jou yo. Refè yon lòt tèst gwosès nan 2 semèn. Itilize kapòt, jiskaske w rekòmanse ak Depo a ankò. Plis ou rete tann, se plis chans ou genyen pou w tonbe ansent.
- Si dènye w pran piki ou an sa gentan 15 semèn epi w te fè sèks san kapòt pran yon Planin Ijan (Emergency Contraception, EC) touswit.

# Etap pa Etap:


1. Lave men w avèk savon epi dlo epi chwazi kote ou vle pou yo ba w piki a nan 3 zòn ki degrade yo la. Netwaye zòn lan ak alkòl.




2. Retire zegwi a nan bwat lan epi souke li pou omwen yon minit.




3. Devise bouchon an epi tache boutèy lan ak zegwi lan pandan w ap pouse bouchon egwi a pa anba.



4. Retire pwoteksyon an epi retire bouchon an plastik ki sou zegwi a.




5. Kenbe zegwi a tèt anlè epi peze sou piston an jiskaske likid lan nan pwent lan epi tout lè yo sòti deyò.




# Etap pa Etap:


6. Kenbe zegwi nan men w santi w plis alèz lan (men ou ekri ak li a). Avèk lòt men an, peze po ou epi rantrè ti egwi a tout longè nan po ou nan yon ang 45 degre. Ou pral santi yon ti doulè tou piti.



7. Peze piston an nèt, epi kite li nan menm pozisyon an jiskaske w konte a 5. Sa ap rasire w resevwa tout medikaman ki nan sereng lan.



8. Retire zegwi a ak bouchon sekirite a, w ap tandè epi santi yon ti bri.



9. Peze kote w pran piki a.



10. Jete zegwi a yo kote yo p ap jwenn li! Ale nan lòt paj lan pou w konnen kijan pou w fè sa.



**Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb sa yo:**



Enstriksyon  
etap pa etap

**Resous:** Enfòmasyon Medikal Pfizer - SubQ Depo Provera 104

**URL:** [pfizermedicalinformation.com/en-us/depo-subq-provera-104?section=dosage-admin](https://pfizermedicalinformation.com/en-us/depo-subq-provera-104?section=dosage-admin)



Videyo etap  
pa etap:

**Video:** Kijan pou Fè yon Enjeksyon Anba Po avèk yon Sereng ki Tou Ranpli

**URL:** [youtube.com/watch?v=arcr1wjun6c](https://youtube.com/watch?v=arcr1wjun6c)

# Kijan pou Jete Zegwi yo

**Zegwi yo kapab reprezante yon danje si w pa jete li yon kote pou moun pa jwenn.**


Ou pa sipoze lage zegwi yo konsa nan poubèl oswa nan twalèt.

Ou pa te dwe janm resikle zegwi yo.


Ou ta dwe jete tout zegwi yo nan fason sa a menm si se yon ti kantite oswa retounen yo.

## **Men kijan pou w jete zegwi yo:**

Tanpri itilize zegwi yo nan yon veso an plastik ki di, tankou yon boutèy likid oswa kloròks (PA mete yo nan yon boutèy soda).



Fèmen bouchon an byen di epi ekri "PA RESIKLE" sou kote boutèy la.



Mete boutèy lan nan poubèl (PA resikle).

